



Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 13

Paridza shoko; ugare wakagadzirira panguva yakafanira kunyange isakafanira; rayira, tsiura, uye ukurudzire nomwoyo murefu zvikuru uye nokudzidzisa zvakanaka -- 2 Timoti 4:2

2018

Kuvimba NaMwari Munguva Dzakaoma

NaRich Carmicheal

Kuti unyatsotapirirwa nenyaya inotevera tanga wav-
erenga: 1 VaKoronika 20:1-30

Upenyu hungangotiunzira mitoro nezvipingaidzo zvikuru, zvinorema, zvimwe zvingatoita tedembere kufa. Zvichida pandiri kunyora iyi nyaya newewo wakatarisana nemiedzo yakadai sekurwarirwa, rufu rwowaunodisa zvikuru, kushaika kwemari, hurombo, kusawirirana neveukama, kushungurudzwa, kusuruvara, kushaya basa kana kuva nenhinhi yomwana...nezvimwewo zvakadaro. Kana uri pachinzvimbo chakadaro, ndinokumbira umbofunganya pamwe neni dzimwe nzira dzaungawana nadzo kudekara norusununguko runobva kunaMwari munguva idzodzi dzakadai dzokuidzwa nokuremerwa. Zvikurusei, ndinokukurudzira kuti utore muenzaniso waJehoshaphat, mambo wavaJudah, apo akange atarisana nomuvengi mukuru, asi akawana kundiso huru nokuti akatarira akavimba naJehovha Mwari wake.

Muvengi waJehoshaphat yaiva hondo huru kwazvo yakange yauya kuzomurwisa. Zvichida pane miedzo yaunosangana nayo, saJehoshaphat wangozoono ukuru hwedambudziko ririkuuya – ugotya [v. 3], kutya nokuora moyo [v. 15, 17], uye ugozviona usisina simba rokutarisana nehondo huru uye usisazivi chokuita [v. 12].

Tarira KunaIshe Wako

Kanapo Jehoshaphati akange asisazivi chokuita nemhaka yehondo yaive atarirana nayo mberi kwake, asi akaziva kuti tariro yake yaive pakutendukira kunaMwari wake kuti awane rubatsiro. Achitya akafunga kunobvunza Jehovha wake, akadanzira kuti Judah yose itsanye [v. 3]. Jehoshaphati akatsvaga Mwari mumunyengetero: Munzwe achitaura: “Nokuti isu hatina simba rokutonga hondo huru yakadai iri kuuya kuzotirwisa. Hatizivi kuti tingaita sei asi meso edu akatarira kwamuri” [v. 12]. Heunoi mushonga mukuru Jehoshaphati akaziva kuti kanapo aive nesimba shoma pavavengi vake, Mwari vane simba rose rinoshamisa: “*Haiwa Jehovha Mwari wemadziBaba edu...hamusimi here Mwari wokudenga? Munotonga umambo hwose huri panyika? Simba noukuru zviru muruoko rwenyu uye hapana angagona kukukundai*” [v. 6].

Hama dzangu, kanapo iwe neni tichishaiwa njere,

kunzwisisa, kushingairira, rudo, simba nezvimwe zvose zvinodiwa kukunda zvinetso zvuopenyu, Mwari wedu havazvishayi. Vanokwanisa kutikundisa ose matambudziko atinosangana nawo. Imbofungisisa neizvi zvishoma zvavari:

Vanokuchengeta uye vakadzwa nenzwiwo – “*Kandai kufunganya kwenyu pamusoro pake nokuti anokuchengetai*” [1 Petro 5:7]. “*Nokuda kworudo rukuru rwaJehovha, hatina kuparadzwa, nokuti tsitsi dzake hadzitongoperi. Itsva mangwanani oga oga uye kutendeka kwenyu kukuru*” [Kuchema 3:22-23]. Inzwazve kuti muporofita Nahumi anoti kudii, “*Jehovha akanaka, utiziro [hwedu] munguva dzokutambudzika. Anochengeta avo vose vanovimba naye*” [Nahum 1:7].

Mwari vanoziya uye vanoita zvinhu zvose zvititiire zvakanaka – “*Haiwa Ishe, makandinzvera uye munondiziva. Munoziva nguva yandinogara neyandinosisimuka; munonzwisisa pfungwa dzangu murikure. Munonzvera kubuda kwangu nokuvata kwangu pasi; imi munoziva pfungwa dzangu dzose. Shoko risati rava parurimi rwangu tarirai, imi Jehovha munoriziva rose. Munondikomberedza shure nemberi uye makaisa ruoko rwenyu pamusoro pangu*” [MaPisarema 139:1-5]. Mupositori Pauro agoti iye kuvaRoma “*tinoziva kuti muzvinhu zvose Mwari anoita kuti zvinhu zvititiire zvakanaka kuna avo vanomuda, vava vakadanwa sezvaakafunga*” [VaRoma 8:28].

Mwari vanesimba rose uye vanokwanisa chaizvo kutibatsira – Kuna muprofiti Jeremia tinowana aya manzwi, “*Haiwa Jehovha, [imi] ndimi makaita matenga nenyika nesimba renyu guru uye noruoko rwenyu rwakatambanudzwa. Hakuna chinhu chakaoma [bodo] kwamuri*” [Jeremia 32:17]. Achitsigirana neaya mashoko mupositori Pauro anoti iye, “*Zvino kuna iye anogona kuita zvikuru zvisingagoni kuerwa kupfuura zvose zvatigakumbira kana kufunga, maererano nesimba rake riri kushanda mukati medu*” [VaEfeso 3:20].

Ishe vakatendeka uye vanovimbika kutibatsira – “*... Kutendeka kwenyu kukuru. Ndinoti kumwoyo wangu ‘Jehovha ndiye mugove wangu; naizvozvo ndichamumirira’*” [Kuchema 3:23-24]; “*...Asi Ishe akatendeka, uye achakusimbisai nokukudzivirirai kubva pano uyo wakaipa*” [2 VaTesaronika 3:3].

Jehovha vanesu nguva dzose – Vanakomana vaKora vachiimba MaPisarema 46 yatambobata pamusoro

vanotiyeuchidza aya manzwi, “*Jehovha ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva dzokutambudzika*” [46:1]. Maungira acho agonzikawo muTestamente itsva kuvaHeburu 13:5, “*Mugutsikane nezvamunazvo, nokuti Mwari akati iye ‘Handingatongokusiyeyi; uye handingatongokurasei.’*”

Mudikani Jehovha ndiye utiziro hwedu uye ndiye ibwe redu rokuhwanda, ndiye muponisi wedu nemudziviriri wedu nguva dzose. Naizvozvo “*tinokwanisa kuvimba naye nguva dzose*” [MaPisarema 62:6-8]. Dai vakasimuka uye vavengi vake vagoparadzwa [MaPisarema 68:1].

Dokwairira Shoko raMwari

Paakatanga kutsvaga uso hwaMwari, Jehoshaphati akasvike pachimwe chinhanho apo Mwari vakagoverana shoko ravo nevanhu vavo. Mweya Mutsvene wakawira pamusoro paJahazieri mwanakomana waZekaria, [mwanakomana waBhenaya, mwanakomana waJeyeri, mwanakomana waMatania muRevhi uye ari chizvarwa chorudzi rwaAsafi paakanga akamira muungano] uyo akataura kuvanhu achiti, “*Teerera mambo Jhoshaphati navose vaogara muJudha neJerusarema! Zvanzi na naJehovha kwamuri, Musatya kana koura mwoyo nokuda kwehondo iyi huru, nokuti kurwa uku hakusi kwenyu, asi ndokwaMwari. Mangwana dzikai monuvarwisa. Tora nzvimbo dzenyu; mumire makasimba mugoona kununurwa kwamuchapiwa naJehovha, imi Judah neJerusarema. Musatya musaora mwoyo, endai mundovarwisa mangwana, uye Jehovha achava nemi*” [vv. 14-17].

Mukutambira aya manzwi anonyaradza, “*Jehosaphati akakotamisa chiso chake pasi uye vanhu vose vakawira pasi vachinamata pamberi paJehovha. Ipapo vaRevhi vakasimuka vakarumbidza Jehovha, Mwari waIsiraeri nenzwi guru kwazvo*” [vv. 18-19]. Mambo akakurudzira vanhu vake kuti vaise vimbo yavo yose munaMwari uye nemushoko rake kwavari. “*Teerera kwandiri imi mose Judah navanhu veJerusarema! Tendai kuna Jehovha Mwari wenyu ipapo muchasimbiswa; tendai kuvaporofita vake ipapo muchabudirira*” [v. 20].

Chokwadi pane icho chinoshamisa chinaitika kwatiri kana Mwari vakagoverana Shoko ravo nesu munguva dzokuidzwa nokutambudzika. Vane nyasha dzokubvumira zvikipirwa zvavo kuti zvidzikisise muhana nemupfungwa dzedu zvigotipa kudekara, simba, kunyarara uye netariro.

Somuenzaniso, vangani vedu vakabatsirikana munguva dzekutambudzika neaya manzwi:

“*Jehovha ndiye mufudzi wangu, hapana chandinoshaiwa. Anondivatisa pasi pamafuro manyoro, anondisesedza pamvura inozorodza, uye anoponesa mweya wangu. Anondifambisa panzira dzakarurama nokuda kwezita rake. Kunyange ndikafamba nomumupata womumvuri worufu, handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni; tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyardza. Munondigadzira tafura pamberi pavavengi vangu. Munozodza musoro wangu namafuta; mukombe wangu unopfachukira. Zvirokwazvo unyoro hwenyu nerudo rwenyu zvichanditevera mazuva ose oupenyu hwangu, uye ndichagara muimba yaJehovha nokusingaperi*” [MaPisarema 23].

“*Rumbidza Jehovha, iwe mweya wangu uye usakanganwa makomborero ake, iye anokanganwira zvivi zvako zvose, uye anoporesa kurwara kwako kwose, onodzikinura upenyu hwako kubva pagomba, uye anokushongedza korona yorudo netsitsi, anogutsa zvivo zvako nezvinhu zvakana, kuti uduku hwako huvanfudzwe sohwegondo*” [MaPisarema 103:2-5].

“*Jehovha ndiye Mwari nokusingaperi. Musiki wamagumo enyika haaneti kana kuziya uye hakuna angayera kunzwisisa kwake. Anopa simba kune avo vakarukutika, uye anowedzera simba kuna vane simba shoma, Kunyange majaya anoneta uye kurukutika uye anogumburwa agowa; asi avo vane tariro muna Jehovha vachavandudza simba ravo. Vachabhururuka namapapiro samakondo; vachamhanya vasinganeti, uye vachafamba vasingaziyi*” [Isaya 40:28-31].

“*Nazvozvo*” anoenderera mberi muporofita Isaya, “*Usatya nokuti ndinewe, usavhunduka [kana kutya] nokuti ini ndini Mwari wako. Ndichakusimbisa uye ndichakubatsira; ndichakutsigira noruoko rwangu rworudzi rwokururama*” [Isaya 41:10].

“*Nyararai uye muzive kuti ndini Mwari, ndichakudzwa pakati pendudzi dzose, ndichasimudzirwa panyika yose*” [MaPisarema 46:10].

“*Vimba naJehovha nemwoyo wako wose, urege kuzenda-mira panjere dzako, munzira dzako dzose umutende, [naiye] acharuramisa nzira dzako*” [Zvirevo 3:5-6].

“*Mwoyo yenyu ngairege kutambudzika. Tendai kuna Mwari uye motenda nekwandiri*” [Johani 14:1].

Zvinyorwa zvose zvakabva mumamagazini e*Herald Of His Coming* emwedzi yakasiyana-siyana yakapfuura, akanozopindurirwa muchiShona nokudhindiswa mumagazini ye*Mharidzo Yokuuya Kwake* yauri kuverenga nhasi. **Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa kana pagore uye rinopihwa kuna ani naani zvake anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve bepa reChirungu reHerald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Runhare 812 442 6201. Emeiri: Gospelrevivals@cs.com**

Mupepeti nemuunganidzi weMharidzo Yokuuya Kwake: Godfrey Ndirwenyu
Kero yedu inoti 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe
 Kana kuti bata pa e-meiri inoti: mharidzo4Him@yahoo.com
 Kana parunhare panhamba dzinoti +263 772 929673. +263 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Pastor Promise naStella Nyathi, naPastor Maxwell Matewe

“Nyasha dzangu dzakakwanira, nokuti simba rangu rinozadzikiswa muutere” [2 VaKorinde 12:9].

“Mwari wangu achazadzisa zvamunoshaiwa zvose mae-rerano nokubwinya kwepfuma yake iri muna Kristu Jesu” [VaFiriipi 4:19].

“Vakarurama vanodanidzira, uye Jehovha anovan-zwa; anovarwira pakutambudzika kwavo kwose. Jehovha ari pedyo navane mwoyo yakaputsika uye anoporesa avo vakapwanyika pamweya” [MaPisarema 34:17-18].

“Rubatsiro rwangu runobva kuna Jehovha, muiti wedenga nepasi. Haangatenderi rutsoka rwako kuti rute-dzemuke, muchengeti wako haangakotsiri. Zvirokwazvo, muchengeti waSiraeri haangakotsiri kana kuvata. Jehovha achakurinda pakubuda kwako napakupinda kwako, kubva nhasi kusvika nokusingaperi” [MaPisarema 121:2-8].

“Ngaarumbidzwe Mwari naBaba vaShe wedu Jesu Kristu, ivo baba vengoni naMwari wokunyaradza kwose ivo vanotinyaradza pamatambudziko edu ose...” [2 VaKorinde 1:3-4].

“Asi imi Jehovha, muri nhoo yakandipoteredza, munoisa rukudzo pandiri uye munosimudza musoro wangu. Kuna Jehovha ndinodana nenzwi guru, uye iye achandipindura ari pagomo rake dzvene. Ndinovata pasi ndigokotsira, ndinomukazve, nokuti Jehovha anonditsigira” [MaPisarema 3:3-5].

“Ndinovimba nemi imi Jehovha, ndinoti, ‘Ndimi Mwari wangu.’ Nguva dzangu dziri mumaoko enyu, ndirwirei kuvavengi vangu nokuna avo vanonditevera” [MaPisarema 31:14-15].

“Achakufukidza neminhenga yake, uye uchawana utiziro pasi pamapapiro ake; kutendeka kwake kuchava nhoo yako. haungatyiswi nokuvhundusa kwousiku, kana nemuseve unopfuura masikati” [MaPisarema 91:4].

“Mutsvene waSiraeri, muponisi wako, paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda nomunzizi, hadzizokukukuri. Paunofamba nomumoto haungazitsvi” [Isaya 43:2].

Mudikani, pose paunozviona uri panguva yakaoma, bvumira Ishe kuti vashumire nokutaura kubukidza neShoko ravo. Vabvumire kubudikidza neshoko ravo kuti vakurangaridze nezverudo rwavo, simba ravo guru uye zvivimbiso zvavo izvo zvinomira nokusingaperi.

Teerera Mwari Wako

Kanapo Mwari vakavimbisa kurwira hondo yaJehoshaphati nevanhu vake uye nokuvasunungura kubva muiyi hondo huru, aikarirawo kuti navo vatore matanho okumuteerera. Vaifanira kufora vachinopikisa iyi hondo huru [vv. 16-17]. Mwari akavimbisa kuti kana vakateerera mirairo yake, vaizowana achivasunungura [v. 17].

Mubvunzo mukuru waunofanira kuzvibvunza munguva yaunenge uri munguva yokutambudzwa nokutambudzika, ndewokuti hapangadaro here paine izvo Mwari varikuda kuti uite? Pamwe vari kuti usiye icho chitadzo chako

chaunoita. Kana kudzorera izvo zvawakatora pasina mvumo. Kureurura zvivi zvako kune vamwe? Kuzvidzirisira nokuzvininipisa? Kuregererawo vamwe? Kana kutsvaga rubatsiro kuna vamwe? Kuva wakavimbika kwaari uye kune vamwe vaunodyidzana navo?

Pamwe zvingangodarozve kuti Mwari vari kuti utore nguva yokuteererawo vamwe. Kushanda zvinesimba. Kana kumbozorora chaiko. Kudzidza kupa izvo zvaunazvo. Kugutsikana neizvo zvaunazvo. Kunyengeterera zvinesimba? Munechokwadi mumanzwi echimbo ichi: “Keterera, ndiyo chete nzira, kufara kuna Jesu, asi kuteerera.”

“Vakakomborerwa avo vanoterera mashoko aMwari uye agoaterera” [Ruka 11:28].

Ipa Mbiri Nokutenda KunaMwari Wako

Rungano rwaJehoshaphati runoti nongedzerawo kukosha kwokurumbidza nokutenda Mwari nguva dzose. Somuenzaniso munamato waJehoshaphati wakazara nekurumbidzo kunaMwari. Zvakare Jehoshaphati nevanhu vake vakawira pasi mukumurumbidza nokumunamata Mwari [v. 18]. VaRevhiwo vakatambira aya manzwi nokumira uye vachirumbidza Mwari nenzwi guru [v. 19]. Pavakanga vachifora kunorwa, vanhu vaive vakatungamirwa nevakanga vatumwa naJehoshaphati “Kuti vaimbire Jehovha uye varumbidze nokuda kwokunaka kwoutsvene hwake...vachiti “vongai Jehovha, nokuti rudo rwake runogara nokusingaperi.” Pavakatanga kuimba vachirumbidza, Jehovha akaisa vavandiri kuti varwise varume veAmori uye vakakundwa [v. 22]. Mushure mokukunda ikoko varume vaJudha vachitungamirirwa naJehoshaphati. Vakapinda muJerusarema vakaenda kutenberi yaJehovha nembira nemitengranwa nehvamanda [vv. 27-28].

Tinofanira kutanga iye nhasi kumurumbidza Mwari noku-vimbika kwake kanapo tisati tawana rubatsiro. Tinofanira kuramba tichimurumbidza nokumutenda nguva dzose, paanotanga kushanda uye tigofarisisa apo anenge atibatsira. Ramba uchiti, “Ini ndicharamba ndichiimba nezvisimba renyu, ndichaimba nezverudo rwenyu mangwanani, nokuti imi muru nhare yangu, utiziro hwangu panguva dzokutambudzika” [MaPisarema 59:16-17]. Patinofarikanya munaShe nayewo anotipa zvishuwo zvemwoyo yedu, “Vimba naJehovha uite zvakanaka gara panyika ufari-kanye pamafuro manyoro. Farikana muna Jehovha uye iye achakupa zvinodikanwa nomwoyo wako” [MaPisarema 37:4].

“Jehovha ngaarumbidzwe, nokuti akanzwa kuchemera kwangu ngoni. Jehovha ndiye simba rangu nenhoo yangu, mwoyo wangu unovimba naye uye ndinobatsirwa. Mwoyo wangu unokwakuka nomufaro uye ndichamuvonga nenziyo” [MaPisarema 29:6-7].

Gamuchira Runyararo Nezororo Kubva Kuna Mwari

Rungano rwaJehoshaphati runoguma neaya mashoko, “Nyika yaJehoshaphati yakava norunyararo, nokuti Mwari

wake akanga amupa zororo kumativi ose” [v. 30]. Icho chaive chokwadi panyama muumambo hwaJehoshaphati, chingangovawo chokwadi pamweya muupenyu hwedu samaKristu. Mwari ndivo chete vanokwanisa kutinunura kubva kuvavengi vedu, vagotipa zororo nerunyararo umativi ose. “Uyai kwandiri imi mose makaneta makaremerwa, uye ndichakupai zororo” [Mateo 11:28]. Patinoswedera pedyo naMwari tinosiya kufunganya kwose, tigwana rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose, ruchirinda mwoyo wako nemifungo yako muna Kristu Jesu [VaFiripi 5:7]. Huvepo hwaMwari, zororo nerunyararo rwake zvakakosha zvikuru uye zvinotiyambutsa munguva dzokutambudzika. “Kana Mwari ari kurutivi rwedu ndianiko nhai hama angatirwisa?” Haiwaka mupositori anoenderera mberi achiti “nokuti ndinoziva kwazvo kuti kunyange rufu, kana upenyu, kana vatumwa, kana madhimoni, kana zvazvino, kana zvi-chauya, kana masimba api zvawo, kana kwakakwirira kana kwakadzika kana chimwewo chinhu zvacho pazvisikwa zvose, hazvingagoni kutiparadzanisa norudo rwaMwari,

ruri muna Kristu Jesu ishe wedu” [VaRoma 8:38-39].

“Jehovha ndiye chiedza changu noruponeso rwangu, ndichagotyeko? Jehovha ndiye nhare youpenyu hwangu, ndianiko wandingatya? Kunyange hondo ikandikomba mwoyo wangu hauzotogoty, kunyange hondo ikamuka kuzondirwisa, ipapo ndichavimba naJehovha...Nokuti zuva rokutambudzika ahandichengeta zvakanaka munzvimbo yaanogara, ahandiviga mudumba retebhanekeri yake, agondikwidza pamusoro pedombo. Ipapo mosoro wangu uchasimudzirwa pamusoro pevavengi vakandipoteredza. Ndichamubayira zvibayiro patabhenekeri yake nomufaro mukuru, ndichaimba ndigoimbira Jehovha nziyo. Inzwi inzwi rangu kana ndichidana, imi Jehovha; ndinzwirei ngoni mugondipindura Apo munoti kwandiri, ‘Tsvaga chiso chake!’ Chiso chenye Jehovha ndichachitsvaga. Ndichine chokwadi neizvi zvokuti: ndichaona kunaka kwaJehovha munyika yavapenyu. [Mudikani] Rindira Jehovha, iva nesimba, utsunge mwoyo ugomirira Jehovha [wako]” [MaPisarema 27:1-14].

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI...

NaMufundisi Zivai Shoko

Mibvunzo Kubva Kuvaverengi ve**Mharidzo Yokuuya Kwake...**

“Chenjerai kuti murege kunyengedzwa nomunhu. ...vazhinji vachauya muzita rangu vachiti ‘Ndini Kristu uye vachanyengera vazhinji... Panguva iyoyo vazhinji vachadzokera shure pakutenda uye vachamukirana nokuvengana... Panguva iyoyo mukanzwa munhu anoti kwamuri ‘Tarirai hoyo Kristu’ musazvitenda. Nokuti kuchamuka vanaKristu venhema nevapropfita Venhema [vakawanda] avo vachaita minana zviratidzo nezvishamiso kuti vanyengere kunyange navakanangurwa kana zvichigoneka. Tarirai ndafanokuuudzai zvisati zvaitika” [Mateo 24:4-5, 23-25].

Mufaro wangu mukuru kukwazisai zvakare, imi mose zvenyu vaverengi ve**Mharidzo Yokuuya Kwake** kuchinyorwa chedu chino **cheZvidzidzo zveBhaibheri**. Rangu zita ndinonzi Mufundisi Zivai Shoko uye ndafara zvikuru kuti mawanazve chinguvana chokuverenga chinyorwa chino. Iri ishoko rezvokwadi vadikani, kuti munhu wose zvake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakadzika nokudzama rweShoko raMwari. Mweya neShoko zvinofanira kupfuta pamwe chete muupenyu hwomuKristu.

Sokutaura kwandagara ndichiita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Bhaibheri Shoko raMwari. Zvakanaka kuti tiite sevadhara vepaBerea, avo vakange vane tsika yokuti vakanzwa shoko “vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro kana upi zvake aiparidza zvaiva izvo” [Mabasa 17:11]. Ndiyo mhaka yei

mupositori Pauro achiti “Shoko raKristu ngarigare zvakawana mamuri...” [VaKorose 3:16].

Hama yangu pane zvinhu zvikuru uye zvakakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu pose pose zvapo punenge wotarisana neShoko raMwari. Izvi ndicharamba ndichizvingozvitaure...

Chokutanga chikuru chaunofanira kubatisisa ndechichi Bhaibheri rakaitirwa kuti iwe neni savaKristu tirame hupenyu hunetariro neramangwana. Mwari havadi uye havatarisiri kuti tirame upenyu hwoupenzi, hupofu uye husina kana nhevedzo [direction]. “... zvose zviya zvakanyorwa kare zvakaitirwa kuti zvitidzidzise, kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro tive netariro” [VaRoma 15:4]. Mwariwo vachitaura naJeremia vanoti ivo “Ninoziva urongwa hwangu neupenyu hwako...” Achinyorerawo sangano ravaKorinde, mupositori Pauro anovarangaridza kuti zvose zvakanyora nezvakaitika kare, “zvakange zviri muenzaniso kwatiri kuti tirige kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa [uye zvisina mature]...” [1 VaKorinde 10:6]. Naizvozvo sokutaura kwatamboita pamusoro, Bhaibheri rakaitirwa kuti ritiswatudze, ritiumbe kuti tikwane pamabasa ose akanaka, uye kuti tirege kuisa mwoyo yedu pane zvisina maturo.

Chimwezve chaunofanira kubatisisa ndechichi “Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari kuti rutibatsire pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka” [2 Timoti 3:16-17]. Bhaibheri iShoko raMwari rakatakura mifungo yaMwari. Nderechokwadi uye mariri

muneupenyu hwakazara nokufashukira. Achitsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti: *“munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chose chorugwaro hachi chaunofanira kubatisisa na kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake. Nokuti hakuna chiporofita chakauya nokuda kwomunhuwo zvake. asi vanhu vakataura zvaibva kunaMwari vachisundwa neMweya Mutsvene”* [2 Petro 1:20-21].

Chokupedzisira chikuruzve chaunofanira kubatisisa ndechichi: Shoko raMwari ibenyu rine simba rose uye mariri mune upenyu. *“Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba [rose]. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo”* [VaHebheru 4:12]. Mushoko raMwari ndimo muneuchi hwezvounambo hwedenga. *“Ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda kune uyo akandituma, ane upenyu husingaperi uye haachatongwi, abva murufu uye apinda muupenyu”* [Johani 5:24]. Agoti zvakare *“Shoko rangu randinotaura mweya uye upenyu...”*

Muchinyorwa chino ndati ndimbotarira nokutsengera-tsengera mibvunzo inobva kwamuri imi vaverengi **veMharidzo Yokuuya Kwake**. Regai ndikutendei zvikuru hama dzangu nemibvunzo yose yamunayo uye yamunotumira kuno zvakare regai ndikuvimbisei kuti ndichaedzawo nepandinogona chaizvo kukupai mhinduro dzinogutsa zvikuru sei dzichibvawo muBhaibheri Shoko raMwari. Mibvunzo wokutanga ndeuyu unoti:

Mubvunzo wokutanga: *Vadiwa Mfundisi Zivai... Ko zvi zvamunotenda imi seMharidzo Yokuuya Kwake/Herald of His Coming?*

Mhinduro: SeMharidzo Yokuuya Kwake muchidimbu, isu inotenda kuti Bhaibheri rose rakafemerwa naMwari, nderechokwadi, rinesimba uye ndiro rine chiga chokuguma panyaya dzose dzokutenda [verenga 2 Timoti 3:16]. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwanakomana uye Mweya Mutsvene [Mateo 28:19]. Tinotenda munaIshe wedu Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, kuponeswa kunobva murufu rwavo, uye kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwaBaba uye kudzoka kwavozve musimba nokubwinya. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakararika, kuzvarwa patsva noMweya kwakakosha zvikuru [Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3]. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararama upenyu hutsvene hunofadza Mwari [VaGaratia 2:20]. Tinotenda mukumuka kwevakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi [Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11]. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi

vose munaKristu Jesu [Johani 13:34]. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwaIsiraeri [sezvinodzidziswa nevamwe]. Rudzi rwaIsiraeri ruchine chokuita chikuru muurongwa hwaMwari, naizvozvo nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengerera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo [Genesis 12:2; Pisarema 122:6].

Mubvunzo wechipiri: Ko nhai mufundisi Ndiani anotikisa pepa *reMharidzo Yokuuya Kwake/Herald Of His Coming?*

Mhinduro: Mharidzo Yokuuya Kwake/Shona Herald of His Coming rinotsikiswa neveGospels Revival Inc. avo vane mahofisi avo kuIndiana munyika yeUnited of America. VeGospel Revivals Inc. isangano rakazvimiririra roga risina kereke ‘denomination’ yarakarererera. Chinangwa chavo chikuru ndechekubatsira kumutsurudza, nekusimbisa Kereke yaKristu mupasi rose. Vane chinangwa chokusimbisa, kumutsurudza, nekukurudzira vatsvene kukunyengerera, nokushumira ivhangeri yezvokwadi ivhangeri yomuchinjikwa. Donzvo redu guru seHerald Of His coming nderokukuisai *“kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene”* [Mabasa 20:32]. *“Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari.”*

Mubvunzo wechitatu: *Vadiwa Mfundisi Zivai Shoko. Ndinokutendai zvikuru nezvidzidzo zvamunotipa... Mubvunzo wangu heunoi: Ko chinonzi muKristu chaizvo-izvo chii?*

Mhinduro: Kubva muShoko raMwari munhu anonzi muKristu ndeuyo anotenda mumwoyo make uye agopupura nemuromo wake kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari mupenyu uye kuti Jesu ndiye Ishe naMuponisi wake [VaRoma 10:9]. Kana ndichiti mumwoyo make ndoreva izvo kuti zviito zvomunhu uyu mushure mokutendeuka zvichabvorongwa, kubikwa zvigoswatudzwa nekuvezwa nedzidziso yeIvhangeri yomuchinjikwa. Nekuda kwedzidziso yaKristu nekushanda kwomuchinjikwa noMweya Mutsvene muKristu chisikwa chitsva uye akafa kuzvivi [2 VaKorinde 5:17]. Haachazviraramiri iye pachake asi kuti Kristu ndiye orarama maari [VaGaratia 2:20]. MuKristu ndeuyo akatendeuka kubva kuzvivi zvake, [akasiya kurarama muzvivi] akabhabhatidzwa muzita raJesu uye akagamuchira chipo choMweya Mutsvene [Mabasa 2:38]. MuKristu mudyiwo wnhaka pamwe chete naIsiraeri, *“Saka, hamuchisiri vatorwa kana vaenzi, asi vagari pamwe chete navanhu vaMwari [Isiraeri] uye mava veimba yaMwari, makavakwa panheyo dzavapostori navaprofita, naKristu Jesu pachake iye dombo rapakona. Maari imba yose yakabatanidzwa pamwe chete uye inokura kuti ive temberi*

tsvene muna She” [VaEfeso 2:19-21]. MuKristu ndeuyo akaitwa mupenyu muna Kristu kunyange zvake akanga akafa mukudarika kweke, akaponeswa nenyasha dzake. Uye Mwari akamumutsa pamwe chete naKristu akamug- arisa kudenga muna Kristu Jesu [Efeso 2:5-7].

Mubvunzo wechina: Mufundisi makadiiko neSangano rose? *Ndeipi pinduriro yeBhaibheri [Bible Version] yamunokurudzira kuvadzidzi veBhaibheri munguva dzokukudzidza Shoko raMwari?*

Mhinduro: Uyu mubvunzo wandagara ndichibvunzwa navazhinji nguva dzose, apo ndinenge ndichipa zvidzidzo zveBhaibheri. Zvakare mubvunzo uyu wakanaka zvikuru. Zvakakosha kuti uchenjerere kuti pinduriro yeBhaibheri yauri kuverenga yakanaka here uye kuti inoungira here vanamutangakugara. Chokutanga verenga nhungamidzo kana kuti misumo yamaBhaibheri [Introduction] kuti uzive kuti pinduriro iyi yakanyorwa nani, yakanangana nani, uye kuti yakanyorerwei. Zvakakosha zvikuru kuva neruzivo urwu. Asika, mukupindura mubvunzo wako dziriko mhinduriro dzakati kuti dzakanaka kwazvo kuva nadzo kana uchida kuva mudzidzi weShoko akakwana. Mhinduriro idzi ndidzo zvidzivadingwi nenyukiro dzemhinduriro dzose. Ndidzo vana mutanga kugara dzine panhuriro nevandudzo dzakamira mbo kusvika riini.

Rokutanga “The King James Version”. Mukuru uyu akazvarwa kare [muna 1611] agara uye anofanira kubatwa zvakanaka zvine ruremekedzo. Kana uchida kuziva tsanan- gudzo dzamanzwi kubva pasichigire verenga “The King James Version”. Ndijena murebvu, pounomwa nokutata- pura udobo dobo hwemakore apfuura. Rechipiri nderinonzi “The New King James Version”. Sezvaunongo onawo, iri iKing James Version ranezuro, rakavandudza richi- nobvisa bvisa tumanzwi twakare twakaita saana “thou”, “thee” nana “ye” asika harina kubvisa uchi noudobo dobo hwe “The King James Version” yakare. Unofanira kuva naro. Rimwewo nderinonzi, “The New American Standard Bible”. Iri nderimwewo rakanyatso tsetsenurwa zvinon- wisa mvura. Rakanaka uye vadzidzi vazhinji vaBhaibheri vanorikurudzira zvikuru. “The New International Version” [NIV] harina kunyatso mira mushe. Rinozvomora-zvomora nokusiya mamwe mavhesi ronoaradzika pasi pasi kumar- gin sezvitekederwa [footnotes] zvandisinganzwisisiwo kuti nemhaka yei? Seni hangu NIV harindigutsi uye handinyan- yorishandisa mukuparidza kana kudzidza. Kwozovapowo nerimwe randinoda kukuyambira kuti usanyanye kuve neukama naro. Iri nderinoshandiswa zvikuru nehama dzedu dzeveJehovha’s Witnesses, [Zvapupu ZvaJehovha] Rinonzi iro “The New World Translations”. Bhaibheri iri harina kunyatso pindurirwa nemazvo. Rinotsonzedza nokunzenzedzera umwari hwaJesu [verenga Johani 1:1] uye rinozvomora zvomora mamwe mavhesi sezvinoitwa neNIV. Urwere hwaro ndehwokuti rinosimudza dzidziso yesangano rimwe, reZvapupu ZvaJehovha, izvo zvinoburitsa pachena

kuti rakatsikiswa rine chinangwa chokufambisira mberi dzidziso yeveZvapupu ZvaJehovha. Isu samaKristu, sez- vandambotaura pamusoro, tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose zvadzo dzokutenda. Naizvozvo hazvina kunaka kushonyorora shoko raMwari tine chinangwa chokuti ritaure nokudud- ira zvatinoda isu. Jehovha vanoti hokoyoi kune uyo anowedzera chinhu chipi zvacho kushoko raMwari. Mwari vachawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mub- huku iri. “Ndinoyambira mumwe nomumwe anonzwa mashoko ouporofita hwebhuku iri, ndichiti: Kana munhu upi zvake akawedzera chinhu chipi zvacho kwairi, Mwari achawedzerawo kwaari matambudziko akanyorwa mubhuku iri. Uye, kana munhu upi zvake akatapudza mashoko kubva mubhuku iri rouprofita, Mwari achabvisawo kwaari mugove wake pamuti woupenyu nomuguta dzvene, izvo zvakan- yorwa mubhuku iri” [Zvakazarurwa 22:18-19]. Verengawo Deuteronomy 4:2, 12:32; naZvirevo 30:6]. Dzose idzi iyam- biro dzokuti tinofanira kubata shoko raMwari zvakanaka, uye zvine uttsvene noungwaru. Ndizvowo zvati kuedza kuita mumagazini *yeMharidzo Yokuuya Kwake*. Tinoedza napose patinogona kushingairira kuti tizviratidzepamberi paMwari, savanhu vanogamuchirwa, vashandi vasingafan- iri kunyadziswa uye vanonyatsoruramisa shoko raMwari [2 Timoti 2:15]. Pana Mabasa Avapositori chitsauko- chamakumi maviri, tinoverenga nezvamupositori Pauro achisangana nevakuru vekereke yeEfeso. Mumashoko ake ayo aive akananga kuvakuru ivava, mupositori ano- vayambira nezvengozi [yemapere] vadzidzisi venhema pakati pavo uye chijana chikuru kana kuti basa guru ravaku- ru ivava mukubatsira sangano kukura mushoko raMwari. “Zvino ndinokuisai kuna Mwari nokushoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene” [Mabasa 20:32]. Zvisinei zvazvo nokuti takadanirwa zvipi uye sei, zvakafanirisa kwazvo kuti tibate shoko raMwari zvine ungaru zvakanaka [uye zvinouchenjeri nokutya]. Kana, isu sevakuru vamaKereke, tikaita saizvozvo chokwadi ndechokuti vanhu vaMwariwo vatino tungamirira vachakurawo.

Mubvunzo wechishanu: Ko mufundisi Zivai chinangwa cheKereke [Church] ndechei?

Mhinduro: Kereke “The Church” imhuri yava- tendi. Ndiro danga ravatsvene vakatengwa neropa raJesu paMuchinjikwa. Yakatangwa naJesu Kristu ivo pachavo, ika- simiwa noMweya Mutsvene nezuva rePendakosti Mharidzo yokutanga ichibva kuna mupositori Peter uyo akambenge amuramba asi akadzororwa naJesu Kristu pachavo [Johani 21]. Chinangwa chikuru chaMwari neKereke sokunyora kwamupositori Pauro ndechichi, “Zvaaida zvino ndezvo- kuti, kubudikidza **neKereke**, uchenjeri hwaMwari hukuru huziviswe kuvatongi navane simba vari muchadenga, maere- rano nevavariro yake isingaperi yaakawanisa muna Kristu

Jesu Ishe wedu... [Efeso 3:10-11]. “Kuitira kuti munguva dzinouya aratidze pfuma yake huru yenyasha dzake, zvichiratidzwa muunyoru hwake kwatiri muna Kristu Jesu. Kuti aratidze simba raakaita muna Kristu paakamumutsa kubva kuvakafa akamugarisa kuruoko rwake rworudyi mudenga, pamusoro poutongi hwose noukuru, nesimba noushe, uye

namazita ose angagona kurehwa, kwete panyika yazvino chete asiwo pane ichauya” [VaEfeso 1:19-21]. Kereke yakaitirwa kuti “*pakukwana kwenguva, [Jesu Kristu] auyise pamwe chete [vanhu vose] zvinhu zvose zviri kudenga nezviri panyika pasi pomusoro mumwe, anova iye Kristu*” [Efeso 1:10].

Chinodiwa Isimba Rakapfuuridza RoMweya Mutsvene

NaFred D. Jarvis

Tirikurarama mumwaka wamatambudziko maku-rusa uye akawanda zvikurusa. Matambudziko apasi rino haasingori ezvokuupfumi, ezvomatongerwo enyika, zvekutaudzana, kana neezvedzidzo chete. Matambudziko edu nhasi ndeezvomumweya! Yasvika zvino nguva yokuti tizvibvunze pachedu [savatsvene] kuti, “Chiiko chingatendeutsirazve rudzi runo kunaMwari, urwo rwaodzwa nekuzadziwa nechivi?” Ino yave nguva zvino yokuti titsvage gwara rokudzokerazve kusimba, kuchiya chakavanzika chokukunda, kuukuru hwokutenda, uye kuupenyu hunopfachukira. Kereke yedu ikozvino inofanira kudzoredzerwazve mugwara riya ramakare. Inguva yokuti Kereke imuke pamweya. Kristu varikudzokerazve nokuchimbida. Tarirai nguva yave kunopera.

Yave nguva zvino yokuti titsvaga uso hwaMwari, kunzwa inzwi ravo uye nokuzviisa pasi pevishuwo nokuda kwavo Mwari. Mwari vachiri kungotsvaga munhu pakati pedu nhasi kuti amire pamukaha. “*Ndakatsvaga munhu pakati pavo angavaka rusvingo nokumira pamberi pangu...*” [Ezekieri 22:30]. Mwari arikutsvaga munhu angafukidzwa nesimba ravo uye agotaura nesimba ravo. Parikudiwa varume vane kubata kwedenga uye zvinooenderana neino nguva yatiri kurarama. Mwari vedu mupenyu! Zvakare vane simba rose!

Tinofanira kudzidzira kufambirana nemitemo yokubata kwaMwari. Pave kudiwa nhasi varume vanofamba vakatarira divi rimwe chete – kumberi kunaMwari. Nyika yakamirira uye Mwari vakamirirawo zvakare varume vakaita saizvezvi, vakagadzirira kupira zvose kuti vawane iri simba, vakasunga bhanhire rokurwa naro pamweya uye kutevera **komanda** wavo mukunorwa kuti vapedze iyi hondo vari mukubwina kwaMwari.

Hakuna zvinzira pano zvokudimudzira kana kuderedzera pamweya. Tinofanira kuzvininipisa, kunyengetera nekutsvaga uso hwake uye kutendeuka kubva munzira dzedu dzaipa. “*Kana vanhu vangu vanodaidzwa nezita rangu, vakavininipisa, vakanyengetera, vakatsvaga chiso changu vakatendeuka kubva panzira dzavo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa uye ndicharegerera chivi chavo uye ndichaporesa nyika yavo*” [2 Kronike 7:14]. Panodiwa kumuka pamweya

kukunda kukotsira uku pamweya.

Chinodiwa nhasi kufamba-famba nokubata kukuru kwoMweya Mutsvene pane zvose zvatinaita. Mutsurudzo ndiwo mushonga mukuru unodiwa pane ichi chirwere pamweya nhasi. Kudururwa kwoMweya Mutsvene ndiyo kiyi kupinda kumakomborero. Pasina izvi, tichamira zvachose togovhunda. Kapfumbamwe mubhuku yaMapisarema 119 munyori anokumbira Mwari kuti amutsiridzwe. Munyori ndoozvaishuwira nokutsvaga. Kana munyori zvirizvo zvaishuwira ko zvakadiiwo kwatiri nhasi?

Kudikana Kwesimba Pamweya

Chikuru chirikushaika muupenyu hwedu nhasi [sava-tendi] isimba rokumusoro. Shoko raMwari rine zvizhinji zvarinotaura pamusoro peiri simba roMweya Mutsvene. Simba rose nderaMwari “*Chinhu chimwe hakataurwa naMwari, zvinhu zviviri zvandakanzwa. Kuti imi, iyemi Mwari, mune simba. Zvirikwazvo muchapa mubairo kumunhu mumwe nomumwe maererano nezvaakaita*” [MaPisarema 62:11]. Pauro haana kungoparidza muShoko chete, asiwo “*nokuti ivhangeri redu harina kuuya kwamuri namashoko bedzi, asi nesimbawo, noMweya Mutsvene...*” [1 Tesaronika 1:5]. “*Saka akati kwandiri, Iri ndiro shoko raJehova kuna Zerbhabheri, hazviitwi nehondo kana nesimba, asi nomweya wangu, ndizvo zvinotaura Jehovha Wamasimba ose*” [Zekaria 4:6]. Jesu “*akadzokerazve kuGarire musimba roMweya Mutsvene, uye shoko pamusoro pake rakapararira kumitivi ose enyika*” [Ruka 4:14]. “*Vapostori vakaramba vachipupura nesimba kumuka kwaIshe Jesu, uye nyasha huru dzaiva pamusoro pavo*” [Mabasa 4:33]. Samuporofita Mika tinofanira kutaura tichiti, “*Asi kana ndirini, ndizere nesimba, noMweya waJehovha, uye nokururamisira nesimba, kuti ndizivise Jakobho kudarika kwake naIsraeri chivi chake*” [Mika 3:8].

Ishe Jesu vakati ivo, “*... muchagamuchira simba romweya kana Mweya Mutsvene adzika pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, kusvikira kumigumo yenyika*” [Mabasa 1:8]. Jesu vagoti zvakare “*Simba rose rokudenga napanika rakapihwa kwandiri. Naizvozvo endai mudzidzise*

ndudzi dzose, uye muchivabhabhatidza muzita raBaba, Mwanakomana neroMweya Mutsvene...” [Mateo 28:18]. “Ndichakutumirai chipikirwa chakavimbiswa naBaba; asi imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro” [Ruka 24:49]. Simba roMweya Mutsvene ndiwo mushonga mukuru wokuneta kwedu, kusakwana kwedu, nokukuvana kwedu pamweya. Chivi chinokwanisa kwazvo kuti dzundura mapapiro pamweya, kuti remadza uye nokutiuraya nechomukati pamweya. Hapana chinhu chinopfuure chivi kutidzipa, kutidzungaidza nokutiremadza. Kubudikidza nesimba roMweya Mutsvene, hatifaniri kuva chakaora, pasina uye chisingabatsiri.

Upenyu Hunofashukira PaMweya

Simba raMwari harisingori nyore chete, asi kuti raka-vimbiswawo kwatiri. [Inzwa] Petro akapindura akati, “Tendeukai mubhabhatidzwe, mumwe nomumwe wenyu, muzita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ichi ndechenyu navana venyu uye navose vari kure, navose vachazodanwa naShe Mwari wedu” [Mabasa 2:38-39]. Tinotemerwa kuti tigare takazadzwa noMweya Mutsvene. “Naizvozvo musava mapenzi, asi munzwisise kuti kuda kwaShe ndokupi. Musasadhakwa newaini, nokuti ndipo pano kusazvidzora. Asi, muzadzwe noMweya [Mutsvene]” [VaEfeso 5:18]. Tinofanira kugara takabatidzwa pagwenya guru resimba romweya. Tinodisa kwazvo simba guru rakapfurikidza roMweya Mutsvene. Ndiye achatipa ushingi. Achitiita zvapupu zvakakwana nokuzara. Achativhura meso omweya nenzeve dzedu dzomweya. Ahasunungurazve ndimi dzedu. [Mweya] achatipawo rudo, mufaro, rugare, mwoyo murefu, unyoro, kunaka, kutendeka, kupfava uye nokuzvidzora. Achatipa zvitubu zvemvura youpenyu. “Nezuva rokupedzisira uye zuva guru roMutambo, Jesu akasimuka akadanidzira nenzwi guru achiti, ‘Kana pane munhu ane nyota, ngaauye kwandiri azonwa. Ani naani anotenda kwandiri, sezvazvakarehwa muRugwaro, hova dzemvura mhenyu dzichayerera dzi-chibva mukati make.’ Nokutaura uku, akanga achireva zvoMweya Mutsvene, uyo waizogamuchirwa navaya vanotenda kwaari. Nokuti Mweya wakanga usati wapiwa, sezvo Jesu akanga asati apinda mukubwinya kwake” [Johani 7:37-39]. Upenyu hwedu huchava setsime mugwenga, rinotubukira kwazvo namakomborero.

Mwari havadi kuti tirarame upenyu husina maturo kana chimiro. Kwavari hatina kungozvarwa noMweya chete, asi tinozadzawo noMweya nguva dzose. Simba rokuvukira mweya kuna Mwari nderedu tikakumbira. Tinofanira kuziva icho chakadzamisisa choMweya Mutsvene. Tinofanira kuzadzwa kusvikira pachiyero chokuzadzikiswa kwose kwaMwari. “Ndinonyengetera kuti kubva pafuma yokubwinya kwavo vakusimbisei nesimba noMweya wavo mumunhu womukati, kuti Kristu agare mumwoyo yenyu nokutenda. Uye ndinonyengetera kuti imi, muve nemidzi

uye musimbiswe murudo, nesimba, pamwe chete navatsvene vose, kuti mubate kuti kupamhamha, nokureba uye kukwirira, nokudzika kworudo rwaKristu kwakadii, uye muzive rudo urwu runopfuura ruzivo, kuti muzadzwe kusvikira pachiyero chokuzara kwose kwaMwari” [VaEfeso 3:16-19]. Tinokwanisa kurarama upenyu hwomuchinjikwa nhasi [VaGaratia 2:20].

Chirikudiwa zvikuru munguva ino maKristu akazadzwa noMweya Mutsvene! Mwari vanodisa kwazvo kudurura simba ravo kubva kumusoro uye kutidzikinura kubva kukuzvisunga kwedu nezvivi zvedu. Chinhu chirikushaika kuvatendi vazhinji nhasi isimba roMweya Mutsvene.

Tinokwanisa zvakare kurarama upenyu hwomubhuku yaMabasa avapositori tigoshanda musimba resimba raMwari. Hatifaniri kuva varombo pamweya uye kuva vashaya muzvomweya. Hatifaniri kuva varipasi pasi pazvomweya. Hatifaniri kuva vava vanongombeya-mbeya murima. Hatifaniri kuva vanotepukira muuremu pazvomweya.

Tinokwanisa kuva mhitsakwi pamweya, tinokushandisika noupenyu. Dai Mwari vatipazve kumweze kusangana navo kutsva. Chiero chamanzwi avo chakakwirira zvikuru. Tinokwanisa kuvazve mhitsakwi munaMwari, tichirinzwazve simba raMwari nokuropafadzwa.

Daniri Kuupenyu Hwapamusoro-soro

Mweya Mutsvene ndiwo chete mushonga wokurwara kwedu pamweya nokukoniwa. Nguva yareba tichidzima nokugumbura Mweya Mutsvene. Dai Mwari vatipazve nzara nenyota itsva yokuita zvakarurama kuti tizadzweze patsva [nomweya].

“[Uku] ndiko kuda kwaMwari kuti muve vatsvene...” [1 VaTesaronika 4:3]. “Pakuti Mwari haana kutidandira kutsvina, asi kuti tirarame upenyu hutsvene...” [4:7]. “Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva pakuuya kwaShe wedu Jesu Kristu. Iye anokudanai akatendeka uye achazviita.” [5:23]. Tinofanira “kuchengetedza mirayiro yake, isina chainopomerwa kusvikira pakuonekwa kwaShe wedu Jesu Kristu” [1 Timoti 6:14]. Zvakare mupositori Pauro anoti iye “Ani naani anopupura zita rashe anofanira kubva pane zvakaipa” [2 Timoti 2:19]. Chokwadi yasvika nguva yokuti “tizvichenesei kubva pazvinosvibisa muviri nomweya, tichikwanisa utsvene pakutya Mwari” [2 VaKorinde 7:1].

Ungazvidana nepaunoda, asika pane kudandizirwa kuupenyu hwapamusoro-soro, kuupenyu hwakazarisa, kuupenyu hwakadzika-dzika, kuupenyu hwokuzvipira, kuupenyu kwokukunda, kuupenyu hwakazadzwa noMweya. O tinoshuwira sei kuvhachirwa patsva naMwari, tinzwe huvepo hwaMwari nesimba, kuzodzwa kutsva noMweya Mutsvene!

Ino hayisiri nguva here yokuungudza zvisinazve mukare akamboona tichiti, “O! Ihe ko hamungatimutsiridzive

here, kuti vanhu venyu vagofara mamuri? Tiratidzeizva ngoni dzenyu, imi Jehovha, mugotipawo ruponeso rwenyu” [MaPisarema 85:6]. Yasvika zvino nguva yokuti tinamate, “... *O Jehovha avandudzei [mabasa enyu] pamazuva edu, panguva yedu ngaaziviswe; pakutsamwa kwenyu rangarirai tsitsi”* [Habakuki 3:2].

Chinodiwa zvikurusa nhasi pakati pedu, ndiMwari nesimba roMweya Mutsvene, kuzvinyima zvokudya nokunyengetera. “*Ipapo chiedza chako chichabuda samambakwedza uye kuporeswa kwako kucharatidzwa*

nokukurumidza” [Isaya 58:8]. Dai mambakwedza ezuva iri auyawo munguva yedu ayo atinovimbiswa kuti ipapo, “*chiedza chako chichabuda murima, uye usiku hwako huchashanduka hukafanana namasikati. Jehovha achakutungamirira nguva dzose; achakugutsa pakushaya kwako munyika yakapiswa nezuya uye achasimbisa mapfupa ako. Uchafanana nebindu rinodiridzwa nemvura yet-sime, sechitubu chine mvura isingapwi”* [Isaya 58:10-11]. [Munamoto wangu ndewokuti] Dai Mwari vatumirazve makomborero ose aya munguva yedu nhasi.

Oh! Mweya WaMwari Mupenyu, Tinokudai!

Mweya Mutsvene anokwanisa kuita kuti Shoko [raMwari] ribate nokubudirira iko zvino sapamazuva aya avapositora. Anokwanisazve kuunza mweya yakawanda mumazana akazanirana, kana vane zviuru zvinoururana, kana kutio nomumwe-mumwe kana vaviri-vaviri. Chikonzero nei pasisina budiriro nhasi [mubasa rokuvhangeri] imhaka yokuti hatisisina Mweya Mutsvene musimba rake guru sapanguva dziya dzokutanga.

Dai tanga tino Mweya Mutsvene anonamirira shumiro dzedu nesimba rokumusoro, hazvaizomboda kushambadzirwa kwezvipa zvenyama. Vanhu vangakwanisa havo kuva varombo panyama uye kusava vakadzidza, vagokakamama mukutaura, manzwi avo agogozha nokushaya humandiriri; asika kana akazorwa noMweya Mutsvene, muvhangeri

anokuzvinipisa anobudirira [muushumiri] kupfuura vaye vakadzidza, kana uya aneunyanzvi hwokudetembera.

Simba raMwari rakapfuuidza ndiye mupedza zvole [muushumiri] nhasi. Chatinoda [nhasi] kuzodzwa neMweya, kwete uchenjeri hwapamusoro. Mashoko okugombedzera nouchenjeri, zvingazadzawo hazvo temberi, asi chinozadza Kereke nemweya yavanhu inotsva isimba romweya [wokumusoro-soro]. Simba rouchenjeri ringaunganidza haro Chita chavanhu, asika icho chinoponesa [mweya] yavanhu isimba rokumusoro romweya. Chatinoda nhasi isimba romweya. O Mweya Mutsvene waMwari Mupenyu, tinokudai! Pasina simba raMweya Mutsvene hapana chatingaita, asi kana aripo tinokwanisa kuita zvole.

– NaCharles H. Spurgeon

Yave Nguva Yokumuka Kubva Kuhope...

Musumo kubva kumupepti: Chinyorwa chinotevera chakanyorwanamufundisi Titus Ruboma vokunyikaye Uganda avo vaive mupepeti mukuru wemagazini ye **Umuka Oyakye [Runyangore Herald]**. Mfundisi Ruboma vakashaya musi wa21 April gore rino. Tine urombo zvikuru nekurasikirwa kukuru kwakadai, kunyika yeUganda, Kereke yake, bepa reHerald Of His Coming uye nemhuri yake. Chinyorwa chino ndachishandurura sechiremekedzo changu kwaari. Zorora hako mukoma wangu Titus Ruboma.

Pano kuzvigadzirira nokuzvipoda-poda, Mwenga anodiwa waKristu [Kereke], ave kutokotsira zvake pabasa, kudhakwa, kubata zvoutsvina; achitambisa nokuchapaza zvake nguva yakakosha. Kurudziro yaKristu kubudikidza namupositori Pauro kuva Roma yakafanira zvikuru kuKereke yeUganda nhasi.

“... *itai izvi, muchinzwisisa nguva ino. [Kuti] Nguva yasvika zvino yokuti mupepuke kubva kuhope, nokuti ruponeso rwedu rwava pedyo zvino kupfuura zuva ratakatanga kutenda. Usiku hwava kutopfuura; kwava kutoedza. Saka*

ngatirasei mabasa edu erima uye tipfeke nhumbi dzokurwa dzechiedza. Ngatiraramei zvakafanira mararamiro apamasikati, tisingaiti kutamba kwakaipa uye nokudhakwa, kana upombwe, kana utere, kana gakava kana godo. Asi pfekai Ishe Jesu Kristu, uye musatsvaka kufadza nyama pakuchiva kwayo” [VaRoma 13:11-14].

Kwete “*mukutamba kwakaipa nokudhakwa.*” Ndizvo chaizvo-izvo zvirikuitwa neKereke munyika yedu yeUganda nhasi! Huchapa hwedu hunoonekwa nenguva yakakosha yatinopedzera muzvirongwa zvisina maturo uye zvisina pundutso kuumambo hwaMwari. Kudhakwa kwedu kunoonekwa namabatiro outsvina atinoita zvakakosha zvouspenyu hwechiKristu. Mwari vedu varikutiona sezvidhakwa apo tiri kungofamba mukusanamata, mukushaya kwedu simba, kukoniwa kwedu kuzvinyima zvokudya, kusachenjerera, kungobatikana-batikana tichishaya nguva yokumirira pamberi paMwari. Kuramba kurudziro yaShe yokuzadzwa noMweya Mutsvene nezvimwe zvitadzo zvakadaro-daro zvole zvinoita kuti tioneke sezvidhakwa pamberi paMwari.

Kwete, **“muupombwe, kana kuita zvinonyadza.”** Kereke nhasi yazara neutsvina, kusazvibata noutere husina mukare akamboona! Nhasi uno tingangodimudzira kana kupfupikidza mhosva yedu neizvi zvivi zvikuru zvapinda pakati pedu: kuita chamunyurududu muutsvina noupombwe uye kufanana nenyika. Tave kudanana zvikuru nezvenyika uye nyika yotikwezvera mukupfeka seyo, kuimba sayo, kutaura seyo, uye kufamba sayo. Hapasisina kuzvidzora *muimba yaMwari!* Zvose izvi zvadzimurura Mweya waMwari kusvika pokuti Mwari vabuda nokubwinya kwavo muKereke *dzedu*. Naizvozvo tasvika pachinhanho chokuva “Ichabod” uye mumwe namumwe avekuita zvaanofunga kuti zvakanaka.

Kwete **“kurwa kana kugodorana.”** Makarereke mangani akatangirwa panheyo dzokurwa nokugodorana? Handigoni kuzviture! Asi chandinoziva ndechokuti kubvira mugore ra2000 zvichikwira kusvika nhasi maKereke mazhinjisa akatangiswa nokuda kwokukakavadzana kunotyisa zvikuru. Kutsemuka uku kunouya nokuda kwokukakavadzana nokugodorana kwete kubva murudo kana kunzwisana. Hezvinoi zvinotaurwa neShoko raMwari: *“Bvisai shungu dzose, hashha nokutsamwa, kupopota namakuhwa pamwe chete nokuvenga kwose. Muitirane mwoyo munyoro uye munzwirane tsitsi, muchikanganwira mumwe nomumwe wenyu, sezvamakanganwirwa naMwari muna Kristu”* [VaEfeso 4:31-32].

Chimwezve chirwere chikuru chapinda muKereke yomuUganda nhasi, ndechokuti “dzidziso yanhasi” uye nouporofita hwayo hunorambisisa kwazvo kubatsiridza kwokutambudzika muupenyu hwomutendi uye seicho chinokudza pamweya noupenyu hwomutendi. Unotonzwa mudzidzisi anembiri nomukurumbira mukuru kwazvo achitogaudza kuti mutendi wose zvake haafaniri

kumbotambudzika bodo, nokuda kwokuti Kristu akamutambudzikira zvikatopera. Vanodzidzisa ivo kuti kutmbura kwomutowo uri upi wose muupenyu hwomutendi hakusiri kuda kwaMwari asi kuda kwadhiabhurosi. Havadududziri padzidziso iyoyi! Vanotokurudzira vateereri navatevereri vavo kuti varwisane zvakaipa neurombe, urombo, zvikwereti, kurwara kusina magumo, kushaiwa mbereko nezvimwewo semweya yetsvina yatumiwa kubva kuGehena kuzovavhiringidza kusasana upenyu “hwedenga”, vachiri pane ino nyika.

Maringe nemuonero uyu, Shoko raMwari rinotivhurura kuti zvinhu zvakaite saizvozvi kurwadziwa kand kutambudzwa zvinouya sokuda kwaMwari, naizvozvo panokuzviramba tinokurudzirwa kuzvatora toshigairira mazviri tinomufaro. *“Vadikani, musashamiswa nokurwadza kwokutambudzika nemiedzo, sokunge chinhu chisingazivikanwi chaitika kwamuri. Asi farai kuti munogovana naKristu mumatambudziko, kuitira kuti mufare kwazvo pakuonekwa kwokubwinya kwake. Kana muchitukwa nokuda kwezita raKristu, makaropafadzwa, nokuti mweya wokubwinya nowaMwari unogara pamuri”* [1 Petro 4:12-13].

Naizvozvo tigangopendera nyaya yedu nerokuti kushungurudzwa, kurwadziwa kushaiwa nemiedzo zvinofanira kugukuchirwa muupenyu hwedu tinokushingairira nokutsungirira. Pane chivimbiso chitsvene, chinopenya nokubwinya chinotevera aya manzwi echivimbiso. Inzwa kuti Shoko raMwari rinoti kudii namanzwi iwaya:

“Nokuti ndinoti matambudziko atinawo nguva ino haana kufanira kuenzaniswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri” [VaRoma 8:18]. *“Nokuti chiedza chedu nokutambudzika kwedu kwechinguva chiduku zviri kutitira kubwinya kusingaperi, kukuru kupfuura zvose”* [2 VaKorinde 4:17].

– NaPastor Titus Ruboma

Jehovha Ndiva Utiziro Hwedu

NaGodfrey Ndiriwenyu

“Jehovha ndiye utiziro hwedu nesimba redu, ndiye mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika [kwedu]” [MaPisarema 46:1].

“Jehovha anogara nokusingaperi ndiye utiziro hwako, uye pasi pako pane maoko anogara nokusingaperi” [Dheteronomi 33:27].

“Naizvozvo ngatiswederei tisingatyi pachigaro choushe chenyasha, kuitira kuti tigogamuchira ngoni uye tigowana nyasha, tibatsirwe panguva yokushayiwa [kwedu]” [VaHebheru 4:16].

Mumwedzi mishomanana ichangopfuura hama yedu, Rich Carmicheal [uyo ari mupepeti wepepanhau rakazodzwa reHerald Of His Coming], akanyora nyaya inobata nokutenhedza zvikurusa pamusoro pokushanda kwaMwari kubudikidza namatambudziko anoti wira muupenyu hwedu.

Mairi Rich akaradanura nokudonongodza nezvorungano rwaJobho, uye nokushanda kwaMwari muupenyu hwake kubudikidza namatambudziko akamuwira. [Chinondibata naJobho, ndeaya mashoko okuti ‘Pazvinhu izvi zvose, pamatambudziko ose akamuwira, Jobho haana kutadza kana kupa Mwari mhosva’].

Mwanakomana waCarmicheal akasonedzera nyaya iyi zvineunyanzvi neungwaru, uye nokusiririsa izvo zvakasiya nhote dzemisodzi mumaziso angu. Paakange onopeta nyaya yake Rich akachururudza manzwi aya esimbiso kubva kuvaRoma 8:35-57, *“Ndianiko achatiparadzanisa norudo rwaKristu? Kutambudzika here, kana nhamo, kana kutambudzwa, kana nzara, kana kushaiwa zvokupfeka, kana njodzi, kana munondo? Kwete pazvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida.”* Naizvozvo,

sokunyora kunoitawo mupositori Jakobho [James] “*muti mufaro chaiwo, pose pamunosangana nemiedzo mizhinji yemhando dzose, nokuti kuedzwa kwokutenda kwenyu kunobereka kutsungirira. Kutsungirira kunofanira kupedza basa rako kuiitira kuti imi mukure uye muve vakakwana, musingashaiwi chinhu. Akaropafadzwa munhu anotsunga pakuedzwa nokuti paanokunda achapiwa korona youpenyu yakavimbiswa naMwari kuna avo vanomuda*” [1:2-4, 12].

Aya mashoko akadzama, anosimudzira uye nokusu-sukidzira kuzvouwari. Asika haisiri aya mashoko chete akandidzimba nokunditekenyedza. Chiripozve chikuru chakandidzimba potse kundichemedza. Nguva zhinji kana Mwari vachinge vaita izvo zvakadzama muopenyu hwangu, chikuru chindinogona kuita chete, kuchema. Hapana chinhu chinondibata, nokundipomodza sezvinhu zvaMwari. Kana pane chinhu chandisinganyari kuudza hama neshamwari dzangu, uye icho chandinodada nacho zvokunge dhirezi romuchato, ndechokuchema muzvinhu zvaMwari. Kana ndiri seni nyasha dzaMwari dzinondichemedza.

Waive uri musi weSvondo apo mumwe mufundisi weKereke yokwedu vakanyangarikirwa nemwanasikana wavo wamakore matatu nechidimbu. Pandiri kudai kunyora urwu rugwaro mwanasikana uyu haasati awanikwa. Tose takakatyamadzwa zvikuru nazvo uye tikave neurombo zvikuru nechitiko chakadai.

Vari mushishi saizvozvo yokutsvaga mwanasikana wavo uyu, Chipiri chakatevera pepanhau reHerald Of His Coming rakabva rangosvikawo, rikanowira mumaoko amufundisi avo vekurasikirwa nemwana. Mufundisi pavakanoti bhedhenu, meso avo akanowira panyaya yaRich yandanga ndichitaura nezvayo pamusoro iyo yaiva nomusoro unoti “*The Lord Works Through Suffering,*” [MuChishona tingati isu “Ishe vanoshanda Kubudikdza Namatambudziko”]. Pavakangopedza kuiverenga nyaya iyi, mufundisi ava vanoti ivo “ndakasvimha misodzi sechana chidiki. Kwete kuti ndaichema mwana wangu aive anyangarika asi kuti ndakakatyamadzwa nokusvika kweshoko rakafanira panguva yakafanira uyewo kuiniwo munhu akarifanira.” Neniwo chiitiko ichi chakandibata bata zvikuru. Ko aya akangove mawiramombe here kana kuti pakave nokushanda kweruoko rwaMwari. Munzwezve mufundisi ava vachipindura nokupupura, ‘Nyaradzo, kurudzira uye nemutsiridzo yandakawana muchinyorwa ichi, hizvingaiti kuti ndingoti ini aya akava mawiramombe. Chokwadi chiripo ndechokuti apa pakave nekushanda kworuoko rwaMwari.”

Urwu ndirwo rungano rwepepanhau reHerald of His Coming nguva dzose. Rine kakufemerwa kaMwari. Rine udosvi nemukaka wemweya. Rinouya panguva yakafanira uye neshoko rakafanira, kumunhu akarifanira. Chokwadi chiripo ndechokuti **Herald Of His Coming** rinoshandiswa naMwari. Bhaibheri shoko raMwari rinoti iro, meso aJehovha ari pamusoro paavo vanomuda nokumutya, napamusoro paavo vanoisa tarisiro yavo murudo rwake rusingaperi. Kana dai vakawira mumatambudziko kana

mukuidzwa kwakaita sei Jehovha akavimbisa kuvapindura munguva yakafanira. Inzwa “*Ndini Jehovha Mwari wako. Pakutambudzika kwako wakadana kwandiri ini ndikakununura, ndikakupindura*” [MaPisarema 81:7]. Panguvawo yakafanira anovanyaradza nokuvatonhodza, “*ipapo uchadana Jehovha achipindura, uchadanidzira uchida rubatsiro, iye achati Ndiri pano*” [Isaya 58:9]. Chokwadi tina Jehovha vanonzwa nokupindura minyengetero yedu panguva yakafanira. Pana mufundisa ava Mwari vakapindura kubudikidza nepepa **reHerald Of His Coming**. Inzwa mudikani pavanhu vose zvavo veino nyika, isu vana vake tiri rudzi rwakakomborerwa zvikuru. Pamarudzi ose ose zvawo isu tiri vanhu vakakomborerwa nokuti tinaIshe vanotida, vanerudo uye vakatendeka. Hama yangu zvinhu zvakadai hazvisimudziwo here mupururu memheterwa muvana vaMwari. Inzwa zvavanotaura Jehovha kuna muporofita Isaya, “*Usatya nekuti ini ndakakudzikinura, ndakakudana nezita rako, uye uri wangu. Paunopfuura nomumvura zhinji ini ndichava newe, uye paunopinda munzizi hadzikukukuri. Paunofamba nomumoto, haungazotsvi, murazvo wavo haungazokupisi. Nokuti ini ndini Jehovha, Mwari wako*” [43:1-3]. Kana wapiwa chivimbiso chakaita sechichi zvinoshamisa here kunzwa mutendi achiimba pamwe chete naDavhidhi achiti, “*Kunyange ndikafamba nomumupata nomumvuri worufu handingatyi zvakaipa nokuti imi muneni, tsvimbo yenyu nomudonzvo wenyu zvinondinyaradza*” [MaPisarema 23:4].

MuPositori Pauro vachitaurawo kuKereke yevaFiripi vanoti ivo, “*musafunganya pamusoro pechimwe chinhu [musafungisisa zviya zvokuti munhu anosara aonda sechikei] asi muzvinhu zvole nomunyengetero uye nomukumbiro, nokuvonga, isai zvikumbiro zvenyu kuna Mwari. Uye rugare rwaMwari, runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu*” [4:6-7]. “*Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, mirai makasimba. Pashaiwe chinhu chinokuzungunusai ... nokuti munoziva kuti kubata basa kwenyu munaShe hakungavi pasina*” [1 VaKorinde 15:58].

Chivimbo changu ndechokuti mune chino chinyorwa **cheMharidzo** uchawanawo shoko rimwe chete rakafanira iwe panguva yakafanira. Dai mweya mutsvene vakakwanisa kufemera inzwi rofunyararo kuuyo ari mukutambudzika; apfekedze “*korona yorunako pachinzvimbo chamadota, mafuta omufaro pachinzvimbo chokuchema uye nenguo yokurumbidza pachinzvimbo chomweya wakarukutika*” [Isaya 61:3]. Dzimwe nguva ndichitaura kudai, waka “*dhibha*” mumatambudziko, pamwewo wanyangarikirwa kana kufirwa nawaunoda zvikuru; dzimwe nguva uri kuchema nokuda kwokuti zvinhu hazvina kunyatso mira zvakanaka, “zvakadzvanya” sokutaura kwamazuvaano mumhuri kana kubasa. Ndine shoko rimwe chete kwauri kubva kuna Ishe vedu mwedzi uno, “*Usachema*” [Ruka 7:13] uye “*Nyarara kuchema*” [Ruka 8:52]. “*Uyai kwandiri imi mose makaneta, makaremerwa, ini ndichakupai zororo. Takurai joko rangu, muchawana zororo remweya yenyu.*”

Vanodaro ishe Jesu pana Mateo 11:28- 29. Mukuzvinipisa zvisweddzere pana “*Mwari nababa vaIshe wedu Jesu Kristu, ivo baba vengoni naMwari wokunyaradza kwose, avo vanotinyaradza pamatambudziko edu ose, kuti nesuwo tigone kunyaradza [vamwe] pamatambudziko avo nokunyaradza kwatakawana isu kubva kunaMwari*” [2 VaKorinde 1:5].

Oh! maoko edu kwamuri imi Mwari
Maoko edu kwamuri imi wedenga,
Munotipa chokudya chedu ose mazuva,
Uye munoziva izvo zvakatifanira.
Muri Mutsvsne, mutsvene, mutsvene
Iyemi Jehovha Wamasimba Ose,
Makange muripo, uye muchavapo kusvikariini.
Oh! Jehovha nyika yose izere nokubwinya kwenyu.
Oh! maoko edu kwamuri imi Baba,
Musiki nomuiti wazvo zvose,
Makatendeka, uye makafanira kurumbidzwa,
Maoko edu kwamuri imi Ishe wedenga,
Tinokutendai nokukudzai imi Wamasimba
Ndimi chete makafanira kukudzwa nokutendwa,
Nerenyu ropa mukatidzikinura.
Mukatitengera kuumambo nuoprista.
Mwari vakuitirei nyasha hama mwedzi uno.

Rambai muchitirangarirawo muminyengerero yenyu nguva dzose. Mwari pachake, iye Mwari worugare, ngaakuitei vatsvene kwazvo kwazvo. Mweya wenyu wose, nomwoyo uye nomuviri zvichengetwe zvisina mhosva kusvika pakuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu. Iye akakudanai akatendeka uye achazviita.

Mweya Wadururwa...

Nhai veduwee! Dondipaiwo dzenyu nzeve munzwe!
“Mumazuva okupedzisira,” Jehovah ndozvavanotaura,
“Pamusoro penyama yose, wangu Mweya ndichadurura,
Vachaporofita vanakomana uyewo navanasikana venyu,
Majaya achaona zviratidzo, vachirotawo vatana venyu.”

Mazuva okupedzisira heano ndiwaya gogogo asvika,
Pamusoro pavarume navakadzi Mweya wodururwa,
Hakuchina mukadzi kana murume, pachake chigaro tosvika,
Pamusoro pavaranda vake heunoka Mweya wodururwa,
Tave vadyi venhaka tose maererano nechaKristu chipikirwa.

Zvonziwo “Ndicharatidza zvishamiso kumusoro kudenga,
Nezviratidzo panyika pasi, mhute noutsi, uye moto neropa,
Richashanduka rigova rima zuva, mwedzi uchivawo ropa,”
Chiratidzo choMweya uyu munongedzo wokuuya kwaShe,
Tagadzirira ‘ere kunomutambirana mumakore nowedu Ishe?

Zuva raShe roswedera, iro zuva guru rokubwinya kwake,
Tsvagai Jehovha achawanikwa, tsvagai nhasi nzira dzake,
Akashata ngaasiye nzira dzake, akaipa mirangariro yake,
Ngaadzokere kuna Jehovah iye wengoni nekanganwiro,
Nokuti, “ani naani anodana kurake zita achaponeswa.”

Okupedzisira pfacha heano mazuva ndiwaya asvika,
Kudururwa kwoMweya munongedzo wezuva rasvika,
Pamusoro pavarume navakadzi heuno Mweya wodururwa
Mukadzi, murume, hakuchina pachigaro chake tapfugama,
Heunoka Mweya pavaranda vake pfacha-a wodururwa,
Ko tagadzirira here wedu Ishe mumakore kunomutambira?

Chivi Nokudzikininurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akarpira charango chacho chokufa pamuchinjikwa; “*namavanga ake takaporeswa*” (Isaya 53:5), Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. “*Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari*” (VaRoma 3:23). “*Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu*” (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. “*Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakangawira*” (Isaya 55:7).

3. Mukutenda “*kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafa*” (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. “*...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa*” (VaRoma 10:9).

4. “*Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari*” (VaKorose 2:6).